

**ANALISIS NGAGUNAKEUN MODEL *PROBLEM BASED LEARNING*
PIKEUN NINGKATKEUN PRESTASI DIAJAR PESERTA DIDIK
SAKOLA DASAR**

(Panalungtikan Studi Pustaka)

BELIA CITRA WARDHINA

175060014

RINGKESAN

Panalungtikan ieu miboga tujuan supaya wanoh, apal, imeut tur paham ngagunakeun modél *problem based learning* pikeun ningkatkeun prestasi diajar peserta didik sakola dasar. Modél *problem based learning* nyaéta hiji modél pangajaran di sakola ku cara méré hiji pasualan ka para peserta didik, tur peserta didik tiasa néangan jawaban sorangan, biasana pasualan nu disodorkeun nyaéta pasualan kahirupan sapopoé/ nyata tur dipihaharep peserta didik ogé bisa ngembangkeun kamampuh/ prestasi diajarna. Préstasi nyaéta hasil diajar nu bisa kahontal ku para peserta didik luyu jeung kapasitas nu dipiboga ku maranéhna. Panalungtikan nu dipaké dina kagiatan ieu nyaéta panalungtikan studi pustaka/ studi literatur nu mangrupa data tina hasil maca jurnal-jurnal, buku-buku, tésis, makalah jeung sumber nu aya kaitananana sarta geus diimeutan jeung dieksplorasi nu panalungtik. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nyaéta *editing, organizing, finding*. Carana nganalisis data induktip jeung dédukatip. Hasil analisis panalungtikan ieu ngabuktikeun yén modél *problem based learning* pikeun ningkatkeun kamampuh/ préstasi peserta didik bisa naékkeun lével diajar sacara signifikan. Ku kituna modél *problem based learning* méré pangaruh nu hadé pikeun naékkeun lével kamampuh diajar para peserta didik, hal ini kabuktian peserta didik leuwih aktif, bisa atawa mampu nyawalakeun sagala pasualan dina pangajaran. Tur wantar jeung sonagar dina hal nepikeun opini/pendapat ka audién.

Kecap konci: Modél *Problem Based Learning*, Prestasi Diajar